



a Point32Health company

Yon Gid pou Fè Swen w yo Pi Fasil

Pwogram Navigasyon Sèvis Sante Konpòtmantal



Apèsi sou Navigasyon Sèvis Sante Konpòtmantal

Navigasyon Sèvis Sante Konpòtmantal se yon poto mitan nan apwòch **swen pou tout moun** Harvard Pilgrim la. Ekip nou yo, ki gen anpil eksperyans epi ki devwe, pare pou **gide ou depi premye apèl telefòn ou**, pou ede asire ou menm ak manm fanmi ou ki kouvri yo yon eksperyans konpatisan epi fasil. Navigatè Sèvis Sante Konpòtmantal nou yo, ki resevwa fòmasyon espesyal, ap ofri ou yon èd pèsonalize epi yo ka ede w:



Navige nan sistèm swen sante konplike a atravè entèraksyon pèsonalize ki amelyore.



Jwenn doktè oswa lòt moun ki trete pwoblèm mantal ki nan rezo ou an, ki disponib, ki espesyalize nan pwoblèm ou genyen an, epi ki konprann kilti ou pou yo ka ba ou swen ou bezwen an.



Planifye randevou rapid pou nouvo bezwen sante ou oswa bezwen kontinyèl ou yo.



Jwenn aksè a resous espesyal, zouti pou ede ou, ak lòt sèvis.

Kijan Navigasyon Sèvis la fonksyone?

➤ 1. Kontakte Nou

Rele Ekip Sèvis Entegre nou an pou tout bezwen sante fizik ak konpòtmantal ou.

➤ 2. Konekte

Si w gen plis kesyon, n ap konekte w ak moun ki ka ede w jwenn sèvis swen pou sante mantal.

➤ 3. Adrès

Pale ak navigatè sèvis ou a sou solisyon pèsònèl ki ka ede ou jwenn aksè a tout swen ou bezwen pou sante mantal ou epi amelyore rezilta sante ou.

➤ 4. Angaje

Ekip nou an, ki gen ladan doktè ak espesyalis nan sante mantal, ap travay kole kole avèk ou ak doktè w yo pou aranje swen ou epi prepare yon plan pou swen apre ou fin trete.

➤ 5.

Navigatè sèvis devwe ou a ap kontakte ou pou asire ke tout enkyetid ak bezwen ou yo te adrese.

Karakteristik prensipal yo

Moun ki gen asirans Harvard Pilgrim, kit yo piti kit yo gran, yo gen aksè a yon pakèt doktè ak espesyalis pou swen fizik ak sikolojik. Yo gen aksè tou a pwogram ak sèvis nouvo¹, pou ede yo santi yo pi byen nan kò yo ak nan tèt yo, kit se fasafas ou sou entènèt.



Sèvis terapi sou Entènèt: Jwenn aksè a terapi ak jere medikaman ou sèt jou pa semèn avèk doktè sou Demand, Grow Therapy², ak AbleTo. Ou ka jwenn doktè ki gen lisans sou sit sa yo.



Doktè espesyalis: Jwenn aksè a tretman newolojik avanse pou timoun ki gen otis ak lòt pwoblèm devlopman nan men Autism Care Partners³ ak Cortica.⁴ Anplis, jwenn randevou rapid nan klinik oswa swen vityèl nan men Northeast Health Services.⁴



Sèvis pou moun ki gen pwoblèm ak alkòl, dwòg, oswa lòt sibstans: Ou ka jwenn sèvis sa yo nan Spectrum Health⁴ ak Better Life Partners.⁵ Ekip swen nou an ap ede manm yo apre yo fin trete yo lopital pou pwoblèm adiksyon.



Pwogram jesyon swen yo gade sou moun ki gen pwoblèm ak alkòl oswa dwòg, moun ki sòti lopital, moun k ap retounen lakay yo, ak plis ankò. Ekip nou an, ki gen ladan doktè ak moun ki responsab jere swen ou, ap travay kole kole avèk ou ak doktè w yo pou yo jere epi òganize swen ou bezwen. Nou la pou ede w ak tout moun nan fanmi ou ki anrejistre nan plan an, kèlkeswa sa n ap travèse.



Si ou bezwen èd pou jwenn aksè a pwogram ak sèvis espesyal sa yo, tanpri rele sèvis manm yo nan nimewo telefòn ki ekri dèyè kat asirans ou an.



Kesyon?

Rele Sèvis Manm yo nan nimewo telefòn ki dèyè kat idantifikasyon manm ou an. Reprezantan yo disponib lendi, madi ak jedi soti 8è nan maten rive 6è nan aswè; mèkredi soti 10è nan maten rive 6è nan aswè; ak vandredi soti 8è nan maten rive 5è 30 nan aswè. Pou sèvis TTY, rele **711**.

¹ Pwogram yo pale nan ti liv sa a disponib pou manm Harvard Pilgrim Commercial yo atravè asirans sante yo jwenn nan travay yo. Manm yo ka gen pou peye yon pati nan pri a. Manm yo dwe gade dokiman plan yo pou jwenn detay espesifik sou kouvèti ak benefis yo.

² Sèvis Grow Therapy yo disponib toupatou nan peyi a. Nou pral ajoute sèvis yo nan Rhode Island byento.

³ Sèvis Patnè Swen Otis yo disponib nan eta Massachusetts, New Hampshire, Rhode Island, Connecticut, New York, ak Vermont.

⁴ Spectrum Health ak Northeast Health Services yo chita nan eta Massachusetts sèlman.

⁵ Sèvis Better Life Partners yo disponib nan eta Massachusetts, New Hampshire, Maine ak Vermont.

Si w ap fè fas ak yon kriz oswa yon ijans, ou dwe toujou rele 911 oswa ale lapoula nan sant ijans ki pi pre a. Harvard Pilgrim, yon konpayi Point32Health, respekte tout lwa Federal sou dwa sivil epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi kote w soti, laj, andikap, oswa sèks, oryantasyon seksyèl, oswa idantite seksyèl. Pou sèvis tradiksyon gratis an espanyòl, rele nimewo ki sou kat manm ou a. Si w bezwen tradiksyon gratis an chinwa, rele nimewo telefòn ki sou kat Idantite ou a. 若需免費的中文版本，請撥打ID卡上的電話號碼。

Harvard Pilgrim Health Care gen ladan l Harvard Pilgrim Health Care,
Harvard Pilgrim Health Care of New England ansanm ak HPHC Insurance Company.



a **Point32Health** company